## INTERVIEW GUIDE

## INTERNALISASI KATA BONEK PADA PERILAKU AGRESI REMAJA SUPPORTER PERSEBAYA

| NO. | FOKUS | | PERTANYAAN | TEKNIK |
|---|---|---|---|---|
| **1.** | **Menjadi anggota bonek** | Bergabung menjadi anggota bonek | 1. *awakmu ket kapan mbonek?* (kamu dari kapan ikut bonek)<br>2. *wes melok pertandingane nang ndi ae?* (sudah ikut pertandingan dimana aja)<br>3. *yaopo proses e awakmu dadi bonek mania?* (bagaimana prosesnya menjadi bonek mania) | **WAWANCARA** |
| | | Makna kata bonek | 1. *Menurutmu, bonek iku opose?* (menurutmu, bonek itu apa?)<br>2. *Opo'o kok awakmu maknai bonek koyok ngono?* (kenopa kamu memaknai bonek seperti itu)<br>3. *Awakmu ero atribute bonek iku opo ae?* (kamu tau atribute bonek itu apa aja?)<br>4. *Atribut sing mok duwe i iku opo ae?* (atribut yang kamu punyai | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | itu apa aja?<br>5. *Yaopo pendapatmu ambek atribut-atribute bonek iku?* (bagaimana pendapatmu mengenai atribut-atribut bonek itu?) | |
| | | | | |
| **2.** | **Tahap internalisasi** | Penerimaan | 1. *awakmu ero bonek nek koyok ngono iku teko endi?* (kamu tau bonek seperti itu darimana?)<br>2. *kapan pertama kali awakmu ero nek bonek koyok ngono?* (kapan pertama kali kamu tau kalau bonek seperti itu?) | **WAWANCARA** |
| | | Merespon | 1. *terus awakmu setuju ambek opo sing mok omong maeng?* (terus kamu setuju sama apa yang kamu bicarakan tadi?)<br>2. *kenopo awakmu setuju ambek iku?* (kenapa kamu setuju sama itu?) | |
| | | Seleksi | 1. *pas awakmu nyetujui, opo sing mbok rasakno?* (waktu kamu menyetujui, apa yang kamu rasakan?)<br>2. *kenopo awakmu sampai merasakan hal itu?*(kenapa kamu sampai merasakan hal itu? | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Internalisasi | 1. *yakin emang awakmu nek bonek iku koyok ngono?* (yakin emang kamu kalau bonek seperti itu?)<br>2. *kenopo kok awakmu yakin ambek hal iku?* (kenapa kokkamu yakin sama hal itu?)<br>3. *opo sing mbok rasakno ambek sing mok yakini iku?* (apa yang kamu rasakan sama yang kamu yakini itu?)<br>4. *sak piro jerue awakmu ngerasakno iku?* (sebarapa dalamnya kamu merasakan itu?)<br>5. *isok mbok jelasno gak opo sing mbok yakini iku?*(bisa kamu jelaskan apa yang kmau yakini?)<br>6. *opo buktine nek awakmu yakin?* (apa buktinya kalau kamu yakin?) | |
| | | Aktualisasi / Penerapan | 1. *hal opo sing isok ngeyakino wong liyo nek awakmu iku bonek* | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | *sejati? (*hal apa yang bisa meyakinan orang lain, kalau kamu adalah bonek sejati?)<br>2. *pas awakmu mbonek, awakmu lapo ae selain ndelok pertandingan bal-balan (*waktu kamu mbonek, kamu ngapain aja selain lihat pertandingan sepak bola?<br>3. *kenopo kok awakmu tawuran?* (kenapa kok kamu tawuran?)<br>4. *selain tawuran, onok ngga sing mok lakukno pas tepak mbonek?* (selain tawuran, ada ngga yang pernah kamu lakukan waktu mbonek) | |
| | | Kepribadian | 1. *terus pas mari mbonek ngono iku, awakmu nang omah lapo?* (terus waktu selesai mbonek, kamu dirumah ngapain?)<br>2. *pas tepak gak wayahe mbonek, awakmu nang omah lapo?* (waktu ngga bonek, awakmu nang omah lapo?)<br>3. *selain iku lapo ae?* (selain itu ngapain aja?) | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | 4. *gak onok kegiatan ngono berarti awakmu yo?* (ngga ada kegiatan gitu berarti kamu ya?)<br>5. *la terus nek tuku tiket e bonek ngono iku yaopo?* Terus kalau beli tiketnya bonek gitu gimana?)<br>6. *yo gak diseneni ngono iku ambek ibukmu?* (ya ngga di marahin gitu sama ibu mu?)<br>7. *kenopo kok awakmu sampai melakukan hal iku? (*kenapa kok kamu sampai melakukan hal itu?)<br>8. *awakmu nduwe konco sing selain arek bonek?* (kamu punya teman yang selain anak bonek?)<br>9. *awakmu lapo biasane ambek arek-arek iku?* (kamu biasanya ngapain aja sama anak-anak itu?) | |

Nama Subjek : S Usia : 16 Tahun Tempat, Tanggal : Surabaya, 2 Juni 2018

| No. | Keterangan | Verbatim | Kata Kunci | Tema |
|---|---|---|---|---|
| 1 | IR | Nandi arek-arek sen | | |
| 2 | IE | Gaero mbak paling yo podo gendaan | | |
| 3 | IR | Gendaan nang ndi? Awakmu dungaren gak gendaan | | |
| 4 | IE | Nang kono lo mba, paling yo nang gang 3 sing biasane iku ae lo | | |
| 5 | IR | Sopo ae emang sig gendaan nang kono | | |
| 6 | IE | Yo biasa arek-arek iku sing senangane kimcil | | |
| 7 | IR | jaaaanciiik, koyok kon gak seneng kimcil ae | | |
| 8 | IE | Iyolah aku yo seneng kimcil. Mosok arek koyok aku senengane sing alim. Yo gak ngara gelem arek wedoke mbak hahah (tertawa kecil) | | |
| 9 | IR | Yoiyo se. Ancen awakmu pantese ambek kimcil. La pacarmu arek ndi | | |
| 10 | IE | Gorong pacaran mbak, sek pdkt an ambek andalan kimcil gang 3 | | |
| 11 | IR | leh sing ambek arek gang 2 iku wes putus ta? | | |
| 12 | IE | Yo uwes mba, wes bosen wayahe golek maneh. Sing iki loo mba areke (sambil menjulurkan hp) | | |
| 13 | IR | Ndiii seee? Oalahh iki ta kalmbi ireng? Sekk taa ndelokkk tak gowone hp mu diluk, gak ketok iki (mengambil handphone nya) | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 14 | IE | Ojok nggeser-nggeser lo mba | | |
| 15 | IR | Gak-gak. Iki lebih ayu sen | | |
| 16 | IE | Iku pacare gogon mba sing jare samen ayu | | |
| 17 | IR | Oalahhh, sak koncoan taa | | |
| 18 | IE | Iyo mbak sak perguruan kimcil | | |
| 19 | IR | hahaha sak perguruan kimcil jare | | |
| 20 | IE | Mbak entenono kene yo, aku kate tuku rokok nang apip dilukkk ae | | |
| 21 | IR | Iyo ojok suwi-suwi.<br><br>Onok sopo ae nang tengah | | |
| 22 | IE | Sepi arek-arek mbak, sek podo ucul paling sek awan ngene | | |
| 23 | IR | Iyo paling sekjam piro ikii<br><br>Aku winginane kate ndelok persebaya lawan opo iku sing sak gurung e ambek arema iku looo | | |
| 24 | IE | Oooo iku taa lawan persipura | | |
| 25 | IR | Nah iyo, aku kate ndelok iku cik gak diolehi | | |
| 26 | IE | Gak diolehi ambek sopo mbak | | |
| 27 | IR | Yo ambek dian | | |
| 28 | IE | La samen ndelok ambek arek-arek iku, yo gak diolehi kawatir paling wkwkwkwkw. Nek ndelok ambek golongankuuu, sembarang sak karep melok ayo gak melok yo ayo | | |
| 29 | IR | La aku gak ero he nek awakmu ndelok, wong awakmu nek ndelok gak lewat ngarep omahku, dadi yo gak ero | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 30 | IE | Yo iyo mbak, gak lewat ngarepe omahe samen, wog arek-arek pecinta kimcil iku nek mbonek lwat gang 6 sing pinggir sing tembus dalan gede iku. Wong podo gak gowo motore kabeh | | |
| 31 | IR | La layo mangkae yaopo aku ero nek awakmu budal wong awakmu gak lewat gang sing kene | | |
| 32 | IE | Biasane samen lak wes ero se nek arek-arek budal lewat gang 6 pinggir. Tpi nek melok awakdewe ngkok ketemuan nang gbt langsung ae ojok melokmelok awakdewe | | |
| 33 | IR | La lapoo emange? | | |
| 34 | IE | Yo mosok samen kate nggandol nggandol. Wong kene biasane leren ngamen | Leren ngamen | Mengamen untuk kebutuha |
| 35 | IR | La lapo awakmu nggandol-nggandol atek ngamen ngamen barang iku | | |
| 36 | IE | Yo iyo mbak. Katene numpakopo wong aku ambek arek-arek pecinta kimcil iki ancen gaonok sing nggenah, gaonok sing nduwe duwek, keplek-keplek kabeh ngene | gaonok sing nggenah, keplek-keplek kabeh ngene | Menggambarkan diri dan teman-temannya sebagai orang yang “keplek”, tidak sesuai dengan norma, dan tidak memiliki pendapatan |
| 37 | IR | Wong gak duwe duwek yo budal ae kon iku | | |
| 38 | IE | Lo duwe gak duwe pokok budal dan kudu melbu stadion iki mba. | pokok budal dan kudu melbu stadion iki mba | Mewajibkan diri melihat pertandingan meski tidak mempunyai modal |
| 39 | IR | Kok isok gak duwe duwek ikulo yaopo ceritone kon iku | | |
| 40 | IE | Yo jelas mbak. Wong arek-arek yo podo gak kerjo yowes tenger-tenger ngene | Wong arek-arek yo podo gak kerjo | Subjek tidak memiliki pekerjaan |
| 41 | IR | Sakmonoe yo awakmu masio gak duwe duwek budal, sakmonoe temen ambek ambek persebaya | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 42 | IE | Yo iyo. Pokoke persebaya tok wes sak nomer | | |
| 43 | IR | Awakmu ket kapan se mbonek iku | | |
| 44 | IE | Ket gak munggah sekolah mbak | Ket gak munggah sekolah | Bergabung dengan bonek PCK sejak tidak naik kelas |
| 45 | IR | Lah, awakmu tau gak munggah sekolah ta? kapan iku? | | |
| 46 | IE | Yo pas SD mbak. Wah purak-purak lali iki. Wong dadi heboh sak kampung ngono lo. Heran aku ambek wong-wong, lapo podo heboh ndelok aku gak munggah wong ancen aku areke koyok ngene. Bapakku, aku seneng mendem wes jelas. Wes taate di komen opo ae aku hahah | lapo podo heboh ndelok aku gak munggah wong ancen aku areke koyok ngene<br><br>Bapakku, aku seneng mendem wes jelas | Menilai diri sebagai orang yang bodoh<br><br>Menilai diri dan ayahnya sebagai seorang peminum |
| 47 | IR | Oalahh, yo ancen ngono ikulah orep nang kampung sen, iyo nek orep nang perumahaan ngono gpopo awakmu sd ndi se kok isok sampe gak munggah iku | | |
| 48 | IE | Sd madriputra mbak | | |
| 49 | IR | Walaaaa, madiputra mburi iki ta. seneng mendem e ket kapan sen | | |
| 50 | IE | Iyo mbak. Wong aku ancen areke keplek gak isok lapo-lapo. Opo? Mendem, yo wes suwi mbak ket umur piro yo, ket bapakku gaonok iku lo. Kelas 4 paling iku | ancen areke keplek gak isok lapo-lapo<br><br>mendem sejak kelas 4 | Menilai diri sebagai orang yang bodoh dantidak memiliki kemampuan akademik<br><br>Suka minuman keras sjak lama |
| 51 | IR | Jamputt. Kelas 3? Gendeng. Nek melok Boneke ket umur piro iku awakmu? | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 52 | IE | Mmmm Ket sd kelas 5.berarti umur piro mbak yo? | Ket SD kelas 5 | Bergabung dengan Bonek PCK sejak kelas 5 SD |
| 53 | IR | Sd kelas 5 berarti sek sek | | |
| 54 | IE | Lo ngitunge yo gak pas sd kelas 5 mbak. Tapi kelas 6. Kan aslie aku kelas 6 tapi gak munggah | | |
| 55 | IR | Oalahhh. Berarti yo umur 12an | | |
| 56 | IE | Nah yooo iku. Ket umur sak mono aku melok bonek. sakjane yo duduk melok bonek se mbak. Soale nek aku melok bonek kan yo melok koyok dian ngono melok komunitas bonrev, tapi iki aku ambek arek-arek pecinta kimcil iki kan gak melok komunitas, tapi berdiri sendiri yo ambek beberapa arek-arek iku sing ancen bos geng e aku. Dadi awal aku dadi bonek iku pas iku, pas aku gak munggah iku | Gak melok komunitas, tapi berdiri sendiri yo ambek beberapa arek-arek iku sing ancen bos geng e aku | Tidak mengikuti komunitas Bonrev, tetapi mendirikan sendiri Bonek PCK |
| 57 | IR | Berarti yo lumayan suwi. Wes ndelok pertandingane nang ndi ae? | | |
| 58 | IE | Yo akeh mbakkk. Nang malang tau, nang solo tau, nang gbt sering. akeh cik | | |
| 59 | IR | Adoheeee sampe nang malang nang solo barang. Yo nduwe duwek ta | | |
| 60 | IE | Yo gak duwe mbak, yo gembel sek | | |
| 61 | IR | La lapo awakmu gak duwe duwek budal ae | | |
| 62 | IE | Lohh yaopo yo kudu budal lah. Jenenge ae opo? Bonek bondo nekat | Yo kudu budal lah. Jenenge ae opo? Bonek bondo nekat | Mehamai kata Bonek sebagai supporter yang hanya butuh modal nekat |
| 63 | IR | Terus? | | |
| 64 | IE | Yo dadi bondo e opo? Yo bondoe nekat. Duwek gausa bondo | Yo dadi bondo e opo? Yo bondoe nekat. Duwek | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | masok a? | gausa bondo.<br><br>Masok a | |
| 65 | IR | Hahahah ngono ta? bolehh bolehhh. dadi bonek iku opo sakjane? | | |
| 66 | IE | Bonek iku opo? Bonek adalah suporter persebaya sing bondone nekat. Bonek wouwowo bonek suporter bondo nekat. Hentak hentakjosss. Masok a? Dadi bonek iku gak usah bondo opo-opo bondo ne nekat | Bonek adalah suporter persebaya sing bondone nekat<br><br>Bonek wouwo bonek. supporter bondo nekat<br><br>Dadi bonek iku gak usah bondo opo-opo bondo ne nekat | Pengetahuan mengenai kata Bondo nekat<br><br>Keyakinan mengenai kata Bondo Nekat diperkuat dari yel-yel |
| 67 | IR | Mosok yo ngono cik? | | |
| 68 | IE | Yo iyo mbak. Itu uda jelas dan nyata, dan karna hal itu saya memutuskan untuk menjadi bonek. karna menjadi bonek butuhe mek nekat. Duwe gak duwe duwek pokoke nduwe ne nekat | Yo iyo mbak. Itu uda jelas dan nyata. karna hal itu saya memutuskan untuk menjadi bonek. karna menjadi bonek butuhe mek nekat. | Memututskan menjadi Bonek karena hanya bermodalkan nekat |
| 69 | IR | Ero teko ndi nek bonek iku bondo nekat? | | |
| 70 | IE | Yo ero tepak aku kate terjun nang dunia perbonekan mbak. Awale se aku ero teko arek gang 1 ikulo mbak. Gogon2 wah. Terus rodok suwian aku pas nganggurnganggur iku ndelok arek-arek podo lagi hits hits e nang kampung, pas | Awale se aku ero teko arek gang 1 ikulo mbak. Gogon2 wah | Awal mengetahui kata Bonek dari teman |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | awal ndirikn bonrev kan akeh se arek bonek iku. Dadi aku yo kepo bonek, masio aku gak gabung nang bonrev karna gak duwe duwek gawe gabung akhire aku yo nyolong-nyolong takok bonek iku opo dan yaopo. Akhire teko kono aku ero nek bonek iku pertama kepanjangan bondo nekat, nek masalah kepanjangan iku aku kan wes ero teko gogon terus keloro bonek iku termasuk suporter paling akeh ketelu nek pingin gabung bonrev iku nggawe kartu bonrev sek mbayar 50 nek gak salah nang mas arif iku terus cerito akehlah, yo cerito wedokan barang hahah | | |
| 71 | IR | Terus tanggapanmu tentang bonek nek bondo nekat iku yaopo? | | |
| 72 | IE | Yo bener mbak. Bonek bondo nekat sing tak ero teko gogon iku menurutku bener. Karna kenyataane emang bondoku nekat | Yo bener mba.<br>Karna kenyataane emang bondoku nekat | memberi tanggapan jika memang benar, Bonek merupakan suporter yang bermodalkan nekat |
| 73 | IR | Opo alasanmu wara bener nek bonek iku bondo nekat? | | |
| 74 | IE | Alasane karna hal iku yo podo ambek aku, bondo nekat gausa bondo opo-opo. Pas kan ambek aku, gak duwe opo-opo, duwene nek nekat dan nyali wani. Akhire yo iku bener nek bonek iku bondo nekat<br><br>Sak ikilo mbak. Yelyele sing tak nyanyio maeng ae wes jelas, bonek wouwo bonek suporter bondo nekat. Lakyo ancen bener se sing tak lakukno nek kudu nekat. Wong nyanyian nang tribun ae koyok ngono | Pas kan ambek aku, gak duwe opo-opo, duwene nek nekat dan nyali wani.<br><br>Yelyele sing tak nyanyio maeng ae wes jelas, bonek wouwo bonek suporter bondo nekat. Lakyo ancen | Adanya kesamaan antara pengetahuan dan diri subjek<br><br>Membenarkan perilaku yang dilakukan, yang disesuaikan dengan yel-yel yang di nyanyikan |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | bener se sing tak lakukno nek kudu nekat. Wong nyanyian nang tribun ae koyok ngono | |
| 75 | IR | Hmm Iyo yo. Kan iku yo onok nang nyanyian. Terus Akhire awakmu nekate iku dalam hal opo | | |
| 76 | IE | Dalam hal opo ae mbak. gak duwe duwek yo nekat budal, budale nggandol nek misale butuh rokok nang tengah dalan yo ngamen ngame ambek keplok-keplok gak usah atek gitar. Sikirane cukup duweke gawe tuku rokok lanjut budal maneh golek gandolan maneh | gak duwe duwek yo nekat budal, budale nggandol nek misale butuh rokok nang tengah dalan yo ngamen ngame ambek keplok-keplok gak usah atek gitar. | Berperilaku nekat dengan cara nggandol dan ngamen |
| 77 | IR | La terus tukumu tiketyaopo nek gak nduwe duwek? Mosok yo gak nduwe duwek blas | | |
| 78 | IE | Yo nduwe mbak paling limang ewu tok, kadang nek dikeki wong tuwo yo isok tuku tiket, tapi budale tetep nggandol | Budale tetep nggandol | |
| 79 | IR | Nek nduwene 5 ewu ngono tuku tiketmu yaopo | | |
| 80 | IE | Yo mbobol mbak, iku hal kecil wah, aku pasti isok ngelakukno. masio pagere model opo ae lo tak bobol. Buktine yo isokkk masio suwek awakku. Yo gak gede se suweke, wong yo gak titik sing mbobol, dadi gak soro mbobole.dadi gak soro lo mbobole Wong aku yo isok melakukan hal iku, buktine sampe sak iki aman kan. Wong aku premane gang 6 wwahaah. | masio pagere model opo ae lo tak bobol.<br><br>Aku pasti isok ngelakukno. Buktine yo isok. Buktine sampe sak iki aman kan | Berperilaku nekat dengan cara membobol pagar<br><br>Merasa perilaku membobol bisa dilakukan, dan merasa tetap aman |
| 81 | IR | Dadi awakmu karna bonek iku bondone nekat, dadi masio | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | budal gak gowo opo-opo yo gpopo yooo | | |
| 82 | IE | Yo jelas mbak. Karna sudah tertera jelas bonek bondo nekat. Nek awakmu gak budal perkoro gak duwe duwek yo duduk bonek berartim mbak . Banciii wkwkwkwk. Masok aaa | Nek awakmu gak budal perkoro gak duwe duwek yo duduk bonek berarti mbak. Banci wkwkwk. | Meyakini bahwa bonek harus berangkat meski tidak memiliki modal |
| 83 | IR | Masok masok | | |
| 84 | IE | Sek mbak tak rokokan aku, kesel aku samen takok teros. Koyok bang leman ae akeh tkaoke wkwkwkwkwk | | |
| 85 | IR | Yo rokok ono. Jamputttt daripada awakmu gak lapo-lapo anng kene koyok ketek ketolop lakyo mending ngomong ambek aku | | |
| 86 | IE | Yoo iyoo seee. Kapan maneh di parani arek wedok hahah rokok ta ikilo | | |
| 87 | IR | La matamuuu taa nawari aku rokok<br><br>Terus, terusss yaopo sen? | | |
| 88 | IE | Yaopo apaneee? | | |
| 89 | IR | Ikuloo, sek tala cik ikilo blsi pacarku akuu | | |
| 90 | IE | taek mbak wwkwkwkw | | |
| 91 | IR | Terus atribute bonek sing mok eroi iku opo ae sen | | |
| 92 | IE | Atribut iku koyok sing digawe bonek ngono ta | | |
| 93 | IR | Iyoo | | |
| 94 | IE | Oalahh iku biasane yo kaos, syal topi ngono se nek biasane | Oalahh iku biasane yo kaos, syal topi ngono se nek biasane | Atribut yang digunakan Bonek; kaos, syal, dan topi |
| 95 | IR | Awkamu nduwene opo ae? | | |
| 96 | IE | Opo ae yo? Yo mek duwe kaos mbak, iku ae tukue ngeden | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | wkwkwkkw | | |
| 97 | IR | Tuku nandi emang awakmu? | | |
| 98 | IE | Yo nang gelora mbak murah meriah. Arek-arek lakyo tuku nang kono | | |
| 99 | IR | Apik apik ta ngono iku sen? | | |
| 100 | IE | Yo bagiku wes apik mbak | | |
| 101 | IR | Tapi lo cik aku tau ndelok elek-elek ngono. Kakehan tuliusan ngono lo. Biasane lak aeh se tulisan nang kaos-kaosngon iku, opoo opoo ngono | | |
| 102 | IE | Lohhh goblik iki, justru iku sing apik. | | |
| 103 | IR | La kok isok apik? | | |
| 104 | IE | Yo apik ae bagiku mbak. Semakin akeh kata-katae semakin apik | | |
| 105 | IR | Emang sing mok eroi kata-kata e opoae? | | |
| 106 | IE | Onok sing tulisane nek kon gak wani mbobol ojok ngaku bonek. arema terlahir dari rahim seorang pelacur. Bonek wani tok akehhh lah ngono iku | Onok sing tulisane nek kon gak wani mbobol ojok ngaku bonek. arema terlahir dari rahim seorang pelacur. Bonek wani tok akehhh lah ngono iku | Pengetahuan subjek mengenai kata-kata yang ada di atribut |
| 107 | IR | Iyoo wakeh ancene aku yo sering ndelok ngono iku nang dalan-dalan digweni arek-arek | | |
| 108 | IE | Iyoo mbak ancen akeh | | |
| 109 | IR | Yaopo menurutmu ambek kata-kata iku maeng | | |
| 110 | IE | Yoo benerr lahh. Iku justru menjadi ciri khase bonek | Yo benerlah. justru menjadi ciri khase bonek | Menyetujui dan menganggap kata yang ada |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | pada kaos sebagai cairi khas bonek |
| 111 | IR | Ciri khas yaopo se? | | |
| 112 | IE | Yo ciri khas e bonek nek bonek iku ancen nyaline wani. Kan kata-kata nang kaose ngono iku maeng bonek nyali wani | Yo ciri khas e bonek nek bonek iku ancen nyaline wani. Kan kata-kata nang kaose ngono iku maeng bonek nyali wani | Kata nyali wani menjadi ciri khas Bonek |
| 113 | IR | La kan yo onok tulisan-tulisan liane pisan selain iku | | |
| 114 | IE | Gak gak isok, sing bener iku bonek nyali wani | | |
| 115 | IR | Kok isok wara bener? | | |
| 116 | IE | Yo sakjane kabeh bener mbak. Arema terlahir dari rahim wanita pelacur iku yo bener, karena arema sangat nggateli. Tapi menurutku pribadi se, sing bener-bener nggambarno bonek koyok opo iku yo sing bonek nyali wani iku. Karena emang bonek iku nyalie yo kudu wani. Jargone ne dewe ae kan salam satu nyali wani! Jadi yowes jelas kan nek bonek iku ancen kudu wani. Kenyataane arek-arek wani mbak | Tapi menurutku pribadi se, sing bener-bener nggambarno bonek koyok opo iku yo sing bonek nyali wani iku. Karena emang bonek iku nyalie yo kudu wani. Jargone ne dewe ae kan salam satu nyali wani! Jadi yowes jelas kan nek bonek iku ancen kudu wani. | Meyakini bahwa bonek memiliki nyali wani yang kemudian diperkuat dari salam |
| 117 | IR | Ooo ngono. Tapi maeng awakmu kan wara nek bonek iku bondo nekat? Kok sak iki wara nyali wani? Sing bener ndi? | | |
| 118 | IE | Yo bener kabeh mbak. Bonek iku suporter bondo nekat sing benyali wani. Wani budal masio gak duwe duwek, nekat budal masio gak nduwe tiket kan ngono seeee. | Yo bener kabeh mbak.<br><br>Bonek iku suporter bondo nekat sing benyali wani. | Memahami kata wani dan nekat dengan berani berangkat meski tidak memiliki modal |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | Wani budal masio gak duwe duwek, nekat budal masio gak nduwe tiket kan ngono seeee. | |
| 119 | IR | Mmm Podo ae laan nekat ambek wani | | |
| 120 | IE | Yo cedek 11 12 lah mbak. Pokok intine bonek iku modale nekat dan kudu wani. Nek kon sek ragu-ragu ojok mbonek bancio ae | Pokok intine bonek iku modale nekat dan kudu wani. Nek kon sek ragu-ragu ojok mbonek bancio ae | Meyakini 2 pengetahuan bahwa Bonek benar-benar supporter yang nekat dan wani |
| 121 | IR | aku mok kongkon mbanci laan hahah. Yakin emang awakmu nek bonek iku ngono | | |
| 122 | IE | Yakin lah mbak | | |
| 123 | IR | Sak piro yakinmu | | |
| 124 | IE | Sak jerune cintaku padamu mbak | | |
| 125 | IR | La matamu taaa. Aku takok temen cik | | |
| 126 | IE | Iyooo iyoo mbak. Yoo yakin 100% lah | | |
| 127 | IR | Sak piro jerue yakinmu | | |
| 128 | IE | Sak jerujerue tambak sek jeruan yakinku nek bonek koyok ngono mbak. Aliran darah ku nek samen jebrotno onok tulisan bondo nekat nyali wani | Aliran darah ku nek samen jebrotno onok tulisan bondo nekat nyali wani | Keyakinan mengenai kata Bonek yang telah menyatu pda diri |
| 129 | IR | Hmm Taek cik alay temen | | |
| 130 | IE | Lohhh jamputt temen mbak. | | |
| 131 | IR | Opo buktine nek awakmu yakin | | |
| 132 | IE | Yo buktine aku sampe sak iki bondoku cuma nekat dan wani | Yo buktine aku sampe sak iki bondoku Cuma nekat dan wani | Sampai saat ini hanya bermodal nekat dan wani |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 133 | IR | Contohe? | | |
| 134 | IE | Tak critani tapi ojok wara ibukkuyo mbak. Mati ngkok aku | | |
| 135 | IR | Jamput masio awakmu iko sing crito-crito tentang kimcil iki iku sing mok critakno nang aku. Mosok aku wara-wara cik | | |
| 136 | IE | Iyooo se mbak. Aku wedi ae samen keceplosan | | |
| 137 | IR | Yo gak lah wahh. Yaopo contohe | | |
| 138 | IE | Yoo contohe nek aku wani dan nekat. Aku ben ndelok persebaya nggandol, yo mbobol pisan. Yo gak sak ben ndelok se, Cuma seringg ancene koyok ngono. Yo aku yo tawuran, yo malaki bakulane wong wong. Samen ero dewe kan pager e nang gbt yaopo? Nyocok-nyocok ngono yo tak bobol, masio onok polisi piro ae lo polisi tetap kalah ambek arek-arek bonek sing kate mbobol. Gak isok di bujuki mbak nek bonek iku areke sangar-sangar. Pas ambek arema? Polisi lo mbak geteh tok, bonek yo podo getehen se, Cuma yo tetep kalah. | Yoo contohe nek aku wani dan nekat. Aku ben ndelok persebaya nggandol, yo mbobol pisan. Yo gak sak ben ndelok se, Cuma seringg ancene koyok ngono<br>yo tawuran,<br>yo malaki bakulane wong wong.<br>Nyocok-nyocok ngono yo tak bobol | Keyakinan diwujudkan dalam bentuk perilaku nggandol, tawuran, malak pedagang, dan mbobol pagar |
| 139 | IR | Kalah? | | |
| 140 | IE | Iyo Wong tanganku ikulo yo sampe geteh tok sing sikut kene mbak perkoro tukaran ambek polisi. Ojoko ngono mbak, aku ambek ibukku ae yo ngono. Wong ibukku lo tau tak usir | Ojoko ngono mbak, Wong ibukku lo tau tak usir | Perilaku Agresi juga dimunculkan dalam lingkungan keluarga |
| 141 | IR | Gendeng sampek getehen? | | |
| 142 | IE | *Mengangguk* | | |
| 143 | IR | Sek sek ibukmu lapo sampek mok usir? | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 144 | IE | Yo iyo mbak, mangkel aku wesan. Perkorone aku gka dikeki duwek, aku iki pingin hp anyar cik, aku gak ditukokno malah ngongkon aku golek duwek dewe, salah ngono pas bapakku mati iku | | |
| 145 | IR | Mati mati meninggal | | |
| 146 | IE | Iyo maksudku meninggal santai tala. Salah pas marine bapakku meninggal gak suwi kawin maneh ambek kuli iku lo mbak. Samen lak ero se wonge. La kan aku mangkel, wes aku gak duwe duwek, gak di keki duwek, njaluk hp malah di wara ngono. Langsung tak usir cik ibukku. ngaleho buk ngaleho nek sumpek nduwe anak aku. Ambeko wong iku asu ae gak usah mok reken aku | Langsung tak usir cik ibukku. ngaleho buk ngaleho nek sumpek nduwe anak aku. Ambeko wong iku asu ae gak usah mok reken aku | Mengusir Ibu sebagai bentuk perilaku agresi |
| 147 | IR | Hahahahahoalah la lapo awakmu sampek koyok ngono daripada ngono kerjo poo | | |
| 148 | IE | Yo aku kerjo iko, bayaran mek 25rb mbak kora-kora nang pak adi. Suwi-suwi aku pegel, pacarku morang-morang ae yoan. Yowes aku metu teko kerjo ngono iku | | |
| 149 | IR | La ngono ikulo, sing salah awakmu kgak gelem kerjo, ibukmu mok usir, wong salah iku awakmu ibukmu sing malah mok usir | | |
| 150 | IE | Yo iyo mbak. Gak ngoros, salaheeee ambek aku koyok ngono. Aku kan yo pingin direken se | | |
| 151 | IR | Awakmu dewe gak ngereken, ngono njalukdireken ibukmu | | |
| 152 | IE | Yowes ngno iku lah mbak kehidupanku. | | |
| 153 | IR | Wanimu sak mono e yoo? Sampek nang wong tuwo barang | | |
| 154 | IE | Kandani kok, nek getehku tak jobrotno iki onok tukisane wani dan nekat mbak | Kandani kok, nek getehku tak jobrotno iki onok | Penekanan Statement atas keyakinan yang telah |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | mbakku ae yo tak palaki wkwkwkwkw | tukisane wani dan nekat mbak<br><br>mbakku ae yo tak palaki wkwkwkwkw | menyatu pada dirinya |
| 155 | IR | sumpahh sumpahh Mok palaki, mok palaki yaopo? | | |
| 156 | IE | Yooo tak wara mbak mbak njakuk duweke gawe tuku rokok 10 ewu. Dijawab ngene kok paling mok gawe gendaan. Yo lgsng tak bls jancok akeh omonge dadakno, ageh tala wes ngono iku lha mbak | Yo lgsng tak bls jancok akeh omonge dadakno, ageh tala wes ngono iku lha mbak | Berperilaku agresi dalam bentuk berkata kasar dan memalaki kakak |
| 157 | IR | Wes koyok preman ae awakmu. Yo di keki ngono iku ambek mbakmu | | |
| 158 | IE | Yoiyo mbak. Katene ta gak dikeki, tak banting poo hp ne | | |
| 159 | IR | parah parah sumpahawakmu iku | | |
| 160 | IE | Parah yaopose yo biasa lah wah | | |
| 161 | IR | Iyowes iyoo biasa<br><br>Tapi sumpah cik wanimu iku nemen awakmu iku. Wanimu sampek nang wong tuwo barang | | |
| 162 | IE | Yo kudu wani to mbak. Wong bonek | Yo kudu wani to mbak. Wong bonek | Menganggap Bonek pasti berani pada siapa pun |
| 163 | IR | Yokan bonek kan nek pas ndelok persebaya ae | | |
| 164 | IE | Yo gak mbak, masio gak ndelok persebaya aku yo tetep bonek | masio gak ndelok persebaya aku yo tetep bonek | Melabelkan diri sebagai Bonek disegala situasi |
| 165 | IR | Ngono iku kan sakno ibukmu se, sakno mbakmu barang. | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Gendeng ancen | | |
| 166 | IE | Gendengo dewe mbak | | |
| 167 | IR | Sek.sek alasanmu lapoo kok dadi Bonek | | |
| 168 | IE | Opoo yo. Yo gak popo mbak, kene yo gak lapo-lapo kan. Daripada gaonok kegiatan lapo-lapo dadi Bonek kan enak, seru, asik ngono lo nang tribun sawangane, nyanyi-nyanyi kan | Aktifitas dalam Bonek dianggap menyenangkan | Alasan menjadi Bonek |
| 169 | IR | Mmm awakmu seneng ambek aktifitas sing onok nang Bonek? | | |
| 170 | IE | Nahh iyoo. Seru wah nyanyi-nyanyi, ngilokno-ngilokno | | |
| 171 | IR | Emang nang tribun Bonek mesti ngono | | |
| 172 | IE | Mestilah. Pasti | | |
| 173 | IR | Terus-terus balik maneh Yaopo ambek pdkt anmu | | |
| 174 | IE | Yo gak yaopo-yaopo mbak. Arek iki angel di entokno padahal yo elek cik. Pacarku sing biyen lo lebih ayu ngolehno e lebih gampang. Samen ero kan mbak, sing tau tak jak nang tengah pas ambeka rek-arek ikuloo | | |
| 175 | IR | Oalahh sing semiran kuru iku ta | | |
| 176 | IE | Iyoo semiran kuru dukurr. Kan iku lebih ayu dibanding arek iki | | |
| 177 | IR | jamput koyok kon ganteng ae. Nek awkamu ganteng gapopo milih-miliho | | |
| 178 | IE | Ganteng aku iki. Koyok rafi ahmad | | |
| 179 | IR | Koyok wak edek iyo | | |
| 180 | IE | Ndooo Jamputtt yo gak pisan lah mbak (tertawa kecil) | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 181 | IR | Kate nang ndi iki awakmu mari ngene? | | |
| 182 | IE | Gak ero mbak paling nangtengah nek gak nang mburi | | |
| 183 | IR | Onok sopo emang? | | |
| 184 | IE | Gak ero onok sopo ae | | |
| 185 | IR | Ealaaaa. Ee foto sek poo. Gawe tak kirim pacarku | | |
| 186 | IE | Ngkok pasan pacarae samen cemburu mbak gara-gara samen ambek aku | | |
| 187 | IR | Gak gakk sek tala cik ojok umek ae diluk diluk 1 2 3<br><br>Yo gak ngara cemburu lah wah. Mosok cemburu ambek model koyok awakmu wkwkkkwkw | | |
| 188 | IE | Jancikkk nggateli | | |
| 189 | IR | Ayo nang tengah jare kate nang tengah | | |
| 190 | IE | Iyo mbak sek tak ringkes2 | | |
| 191 | IR | Ayoo ojok suwi-suwi | | |

Nama: A    Usia: 16 Tahun    Twmpat, tanggal:    Surabaya, 5 Julis 2018

| No. | Keterangan | Verbatim | Kata Kunci | Tema |
|---|---|---|---|---|
| 1 | IR | Teko endi cs gak tauketok | | |
| 2 | IE | Gak teko ndi-ndi mbak. Nang kene ae | | |
| 3 | IR | Gak tau ketok ambek arek-arek ngono | | |
| 4 | IE | Kapan sek | | |
| 5 | IR | Wingi tepak aku ambek sandy, awakmu gak onok kiro-kiro rong mingguan wingi lah | | |
| 6 | IE | Loo samen gaero ta? Aku nang bantul mbak | | |
| 7 | IR | Lapo | | |
| 8 | IE | Ndelok persebaya mbak | | |
| 9 | IR | Lawan opo? | | |
| 10 | IE | Lawan persija mbak | | |
| 11 | IR | Oalahh sing ambek persija, wong gak sido main ngono | | |
| 12 | IE | Iyo mbak gak sido main, sia-sia aku cik, tapi yo gpopo lah | | |
| 13 | IR | Iku batale lapoo mat | | |
| 14 | IE | Tawuran ambe the jack | | |
| 15 | IR | Tawuran yaopo | | |
| 16 | IE | Tawurane iku ket awan mbak. Pas bonek teko iku, rodok suwian the jack iku teko. Maringono bonek iku nyambut | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | the jack. Mari ngono iku, bonek melbu nang bis e the jack, mari ngono ngerampas barang e the jack. Lha the jack iku gak terimo. Akhir e pecah, sawat-sawatan ngono bales-balesan ngono koyok biasae mbak. Salah aku gak gowo opo opo | | |
| 17 | IR | Emang biasane nggowo opo awakmu | | |
| 18 | IE | Yo nggowo ladeng rante. Yo koyok biasane sing aman gawe awak dewe | Yo nggowo ladeng rante. Yo koyok biasane sing aman | Membawa pisau dan rante di setiap situasi yang mengancam |
| 19 | IR | Nggowo e yaopo | | |
| 20 | IE | Yo teleh kasak mbak, kadang di lebokno selempitane celono | | |
| 21 | IR | Gawe opo senjatane? | | |
| 22 | IE | Gawe njagani nek onok tawuran koyok ngono kan isok ditokno | | |
| 23 | IR | Emang awakmu tau ngetokno ngono | | |
| 24 | IE | Yo tau iko pas nang gelora 10 November, nang gbt yo tau sampe nyweeping nyeewping yo tau | Yo tau iko pas nang gelora 10 November, nang gbt yo tau sampe nyweeping nyeewping yo tau | Membawa benda tajam ketika bertanding di gelora 10 Nov, GBT dan menyweeping |
| 25 | IR | Sek sek. Seru iki sawangane. Aku critanonosiji siji sek. Pas lawan persija iku tawurane yaopo | | |
| 26 | IE | Pas wingi ta nang bantul | | |
| 27 | IR | Iyo nang bantul pas lawan persija | | |
| 28 | IE | Iyo mbak. Ono oknum bonek iku diprovokasi ambe | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | rojali iku, la mari ngono bonek iku gak terimo. Mari ngono sampe awan sampe sore iku tetap tawuran ngono. Polisie sampe gak ngatasi. Sampe ono sig nggowo senjata ladeng rante, pistol. | | |
| 29 | | Ooo sing gara-gara bonek ngerampas iku maeng iku ta | | |
| 30 | | La yo kuwi maeng. Sampe kejar-kejaran ambek pilisi barang. Sawat-sawatan | | |
| 31 | IR | Nyawat opo emang | | |
| 32 | IE | Yo nyawat watu mbak. Iku ae onok sing nggowo rante, kayu, wesi. Akhire bls-blsan nyawat. Mlayu dewe-dewe kan, koyok tawuran biasane lo. Salah aku mek wong 2 budale. Sandy gak budal | | |
| 33 | IR | Lapoo sandy gak budal? | | |
| 34 | IE | Iyo soale pas aku kate budal sandy lagi mendem parah mbak. Lah aku wes kudu budal ae soale ngejar waktu kan. Yowes ngenteni sandy sadar kuwi kan, yowes tak tinggal. | | |
| 35 | IR | Ooo ngono. Terus-terus, pas awakmu mari twuran iku lapo? | | |
| 36 | IE | Yowes, pas aku mari melok nyawat iku aku mlayuuu. Mlayuu banter ambek erwin nyeker ngono mbak. Juamputtt wakeh polisi loo. Untung kene aman | pas aku mari melok nyawat iku aku mlayuuu. Mlayuu banter ambek erwin nyeker ngono mbak | Melakukan perkelahian dengan melempar batu,kemudian berlari kencang |
| 37 | IR | Kok isok aman? | | |
| 38 | IE | Yo isok mbak. Kene kan nggawe carae kene | | |
| 39 | IR | Cara opo emang | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 40 | IE | Cara menghilang | | |
| 41 | IR | Menghilang yaopo? Power ranger ta | | |
| 42 | IE | Duduk mbak spiderman. Menek-menek gedung | | |
| 43 | IR | Menghilang yaopo? | | |
| 44 | IE | Yo menghilangkan jejak mbak | Yo menghilangkan jejak mbak | Menyelamatkan diri |
| 45 | IR | Carae | | |
| 46 | IE | Yooo kan arek-arek mesti nek pas tawuran ngono nggowo kaos ganti sing diteleh nang tas. | Yooo kan arek-arek mesti nek pas tawuran ngono nggowo kaos ganti sing diteleh nang tas. | Menutupi identitas bonek (ganti kaos) untuk penyelamatan diri |
| 47 | IR | Kaos opo? | | |
| 48 | IE | Kaos selain bonek mbak. Terus pas mlayu iku sekirane sepi, la nang kono ndelik, kene mbuka tas, langsung ganti mbak. Kene macak seolah-olah wong kono koyok sok sokan takok eh onok opo iki onok opo | Kaos selain bonek mbak.<br><br>Terus pas mlayu iku sekirane sepi, la nang kono ndelik, kene mbuka tas, langsung ganti mbak. Kene macak seolah-olah wong kono koyok sok sokan takok eh onok opo iki onok opo. | Cara untuk menyelamatkan diri |
| 49 | IR | La tokokmu nang sopo? | | |
| 50 | IE | Yo kadang nang konco dewe, kadang nang wong liyo. Ngono kan dadi gak kepek | | |
| 51 | IR | Oalahh ngonooo. Mosok awakmu setiap tawuran iku koyok ngono? | | |
| 52 | IE | Yo gak mbak, nek situasine mengancam yoo melakukan iku | Yo gak mbak, nek situasine mengancam yoo melakukan iku | Mengeluarkan senjata jika situasi mengancam |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 53 | IR | Mengancam iku sing yaopo | | |
| 54 | IE | Yo koyok misale gak nang suroboyo, polisi wes katene nembak gas air mata, ngono ngono iku. Nek gak bahaya yo gak ngelakukno iku aku mbak | Yo koyok misale gak nang suroboyo, polisi wes katene nembak gas air mata, ngono ngono iku. Nek gak bahaya yo gak ngelakukno iku aku mbak | Situasi mengancam yang dimaksud adalah seperti ketika polisi menembakkan gas air mata dan jika pertandingan berada diluar sby |
| 55 | IR | Nek gak bahya , awakmunek mari nyawat lapo? | | |
| 56 | IE | Mari nyawat yoo tetep nyawat mbak. Mari ngono mundur titik, mblayu golek panggon aman | Mari nyawat yoo tetep nyawat mbak. Mari ngono mundur titik, mblayu golek panggon aman | Melakukan perkelahian dengan cara melempar batu kemudian berlari kencang |
| 57 | | Gak pegel? | | |
| 58 | | Yo pegel mbak. pokok gak leren iki gawe persebaya | | |
| 59 | IR | Tau ngono iku? | | |
| 60 | IE | Yoo pasti tau mbak | | |
| 61 | IR | Ambek sopo ae? | | |
| 62 | IE | Yo arek-arek golonganku sendy bonek pecinta kimcil iku | | |
| 63 | IR | Oalahhh. Lapoo awakmu melok tawuran tawuran ngono iku? | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 64 | IE | Yooo gpopo mbak. Terus nek gak tawurran ngono ate lapo? | | |
| 65 | IR | Yo lapo ta lapo ngono lo. Moleh moleh ta lapo ngono lo | | |
| 66 | IE | kene iki gak leren nek gak pegel. Nek gorong moleh berarti gorong pegel. Dadi kudu sampek pegel mbak. Bonek iku loyalitas tanpa batas | kene iki gak leren nek gak pegel. Nek gorong moleh berarti gorong pegel. Dadi kudu sampek pegel mbak. Bonek iku loyalitas tanpa batas | Memahami loyalitas tanpa btas dengan arti habis-habisan sampai lelah untuk Persebaya |
| 67 | IR | Loyalitas tanpa batas yaopo maksude | | |
| 68 | IE | Yo entek-entekan entek nyowoe, entek suorone entek tenogoe. Sampek oegel gawe persebaya tok | Yo entek-entekan entek nyowoe, entek suorone entek tenogoe. Sampek pegel gawe persebaya tok | Hbis-habisan untuk persebaya dalam hal; habis nyawanya, habis suaranya, habis tenaganya |
| 69 | IR | Maksude? | | |
| 70 | IE | Yo aku sampek pegel gawe persebaya mbak | Yo aku sampe pegel gawe persebaya mbak | Memahami loyalitas tanpa batas dengan arti sampai lelah untuk Persebaya |
| 71 | IR | Contohe yaopo | | |
| 72 | IE | Yo nek pas ndelok persebaya yo, wes mari iki ndeloke tapi kene sek gorong pegel. Yooo kene melok tawuran mbakkk, dadi kene iku pasti onok ae hal sing tak | Yo nek pas ndelok persebaya yo, wes mari iki ndeloke tapi kene sek gorong pegel. Yooo kene melok | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | lakukno nek gorong pegel mbakk. Mboh iku tawuran, mboh iku malaki, pokoke nggarai resek lah. Dadi intine pasti arek-arek iku tawuran. Lupute tawuran njukuki ngombe bakulane uwong. Pokoke onok ae sing dilakukno | tawuran mbakkk, dadi kene iku pasti onok ae hal sing tak lakukno nek gorong pegel mbakk<br><br>Dadi intine pasti arek-arek iku tawuran. Lupute tawuran njukuki ngombe bakulane uwong. Pokoke onok ae sing dilakukno | Perilaku tawuran, merampas, dan hal lain tawuran, malak sebagai manifestasi dari sampai lelah untuk Persebaya |
| 73 | IR | Lapo sampe ngono iku | | |
| 74 | IE | Opoo yoo. Bagiku iku dengan tawuran kene mbelo persebaya mbak. Kan kene gak pingin persebaya di injak-injak koyok biyen sampe vakum. Lah carae opo ben persebaya gak di injak-injak? Yo dengan tawuran iku. Dan aku ambek arek-arek iku ancen gatel nek gak tawuran | Bagiku iku dengan tawuran kene mbelo persebaya mbak. Kan kene gak pingin persebaya di injak-injak koyok biyen sampe vakum. Lah carae opo ben persebaya gak di injak-injak? Yo dengan tawuran iku<br><br>Dan aku ambek arek-arek iku ancen gatel nek gak tawuran | Membela harga diri Persebaya dengan cara agresi<br><br>Merasa janggal jika tidak berkelahi |
| 75 | IR | Tapi kan ngono kadang malah membuat rugi persebya. Koyok contohe pas nang jakarta kahire batal tanding | | |
| 76 | IE | Tapi kan kene niat gawe mbelo persebaya mbak. Masalah batal ikukan ancen PSSI ae sing koyok asu. | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Gara gara pemain persija sing riko simanjutak mbelo timnas, ambe sopo iku. Simic iku lo persija kilangan pemain enak iku. Dadi dibatalno gara-gara ricuh. Padahal masio ricuh lapoo kok gak tetep diaminno ae | | |
| 77 | IR | La kan ngkok gak aman nek tetep dimanino | | |
| 78 | IE | Gakkk. Gak perkoro iku. Alibine PSSI ae iku. Bonek iku wes terkenal dengan anarkis dan keganasan e. Alasan tok nek dibatalno iku. Mentang-mentang persebaya gak duwe wong njero mangkakno selalu didzolimi mbak. | Bonek iku wes terkenal dengan anarkis dan keganasan e. | Telah mengetahui bahwa bonek terkenal dengan keganasan dan anarkisnya |
| 79 | IR | Malah nyalahno PSSI iki. Eh, tapi ancen iyo ta mat nek bonek iku terkenal ambek anarkise? | | |
| 80 | IE | Yoiyose. Wong wes terkenal bonek iku ancen koyok ngono lapoo atek dibatalno. Tmabah nggarai bnek ngamuk ae. Bonek iku wes terkenal anarkis, wani kan. Slogane kan wani. wes sesuatu hal sing ngga mengejutkan mbak.<br><br>Wingi aku moleh iku jam piro mbak? Jam 12 bengiiii tutuk bantul numpak bis iku juampuuuutttt juampuuuttt | Bonek iku wes terkenal anarkis, wani kan. Slogane kan wani. wes sesuatu hal sing ngga mengejutkan mbak | Salam memperkuat subjek dalam berperilaku |
| 81 | IR | Nduwe duwek awakmu? | | |
| 82 | IE | Yo ojok ditakok mbak. Nduwe nggowo 10 ewu tok | | |
| 83 | IR | Kok isok sampek budal | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 84 | IE | Kene ngamen sek mbak. Jennge pingin ndelok persebaya kan kudu ngelakoni opo ae mbak. Wes gak kober tuku opo-opo mbak. Ngombe wong 2, ngamen sek gawe tuku rokok mbak. Samen ero rokok iku siji gawe wong 2 pokok ak kenek HIV ae. Nek onok utise rokok sing sek bersih kene sedot untung cok gak mati hahaha | Jennge pingin ndelok persebaya kan kudu ngelakoni opo ae mbak. | Melakukan apa saja (ngamen, ngutis) untuk Persebaya |
| 85 | IR | Kok sampek ngutis dan ngamen-ngamen ngono iku? | | |
| 86 | IE | Iyoo mbak demi persebaya kan kene kuduloyalitas. Kene kan kudu royal total, nek nduwe duwek konco di keki. Nek gak duwek yo malaki hahah | Iyoo mbak demi persebaya kan kene kuduloyalitas | Rela melakukan apa saja karena subjek meyakini bahwa bonek harus loyalitas untuk Persebaya |
| 87 | IR | Hahaha Ket maeng ngomong loyalitas loyalitas ae. Awakmu ero teko endi nek bonek kudu loyalitas | | |
| 88 | IE | Yo moco-moco teko tulisan tulisan mbak | Yo moco-moco teko tulisan tulisan mbak | Sumber pengetahuan "loyalitas tanpa batas" dari membaca atibut |
| 89 | IR | Tulisan nandi | | |
| 90 | IE | Nang kaos-kaos, nang spandukspamduk | Nang kaos-kaos, nang spandukspamduk | |
| 91 | IR | Yaopo emang tulisane | | |
| 92 | IE | Bonek loyalitas tanpa batas ambek onok tanda seru e ngono | Bonek loyalitas tanpa batas ambek onok tanda seru e ngono | |
| 93 | IR | iku tulisane nandi biasane | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| 94 | IE | Biasane Akeh-akehe se nang kaos mbak. | Biasane Akeh-akehe se nang kaos mbak. | |
| 95 | IR | Terus, onok opo maneh biasane tulisane nang kaos iku | | |
| 96 | IE | Yo macem-macem mbak | | |
| 97 | IR | Layo opo ae | | |
| 98 | IE | Yo loyalitas tanpa batas maeng, bonek wani!, Lelahku hanya untukmu persebayaku, pantang mundur sebelum belur, persebaya sampek matek | Yo loyalitas tanpa batas maeng, bonek wani!, Lelahku hanya untukmu persebayaku, pantang mundur sebelum belur, persebaya sampek matek | Macam-macam kata yang ada di kaos yang diketahui subjek |
| 99 | IR | Hmmm. Terus tanggapanmu ambek kata-kata e iku yaopo? | | |
| 100 | IE | Tanggapan? Opo yoo. Yo gak masalah nek gawe aku. iku justru nggawe aku ter opo mbak jenengee. Terrr terrr terrr | Yo gak masalah nek gawe aku. iku justru nggawe aku ter opo mbak jenengee. | Subjek terinspirasi dari kata yang ada dikaos |
| 101 | IR | Terinspirasi | | |
| 102 | IE | Lahh, iyoo terinspirasi teko kata-kata iku | Lahh, iyoo terinspirasi teko kata-kata iku | |
| 103 | IR | Terinspirasi yaopo | | |
| 104 | IE | Yo loyalitas tanpa batas, bonek wani, pantang mundur sebelum belur iku membuatku tergerak untuk melakukan iku, soale kan opo yoo. Iku kan gambaran teko bonek. Pas aku moco iku koyok seolah-olah awakku iku koyok wara “wehh iyo rek kene kudu | Pas aku moco iku koyok seolah-olah awakku iku koyok wara “wehh iyo rek kene kudu loyolatias kudu wani” | Adanya sikap positif |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | loyolatias kudu wani dan lain sebagainya" | | karena subjek merasa kata-kata yang ada pada atribut merupakan gambaran dari bonek |
| 105 | IR | Opoo kok awakmu tiba-tiba merasa seperti itu? | | |
| 106 | IE | Soale aku mikire opo sing tak woco iku emang ancen koyok ngono dan kudu koyok ngono. opo sing onok nang kaos iku, iku berarti gambarane arek bonek. sak iki, opoo kok wong-wong akeh akehe nek anng wong meninggal nggawe klambi ireng? Soale nunjukno kan nek dee berduka. Lah sak iki? Opoo kok nang kaose bonek akeh kata-kata ngono? Yo soale ancen iku gambarane bonek. dadi ketika aku moco iku aku koyok merasa "iyo iki bonek. kudu dilakukno ngene iki" | Soale aku mikire opo sing tak woco iku emang ancen koyok ngono. ngono dan kudu koyok opo sing onok nang kaos iku, iku berarti gambarane arek bonek. sak iki, opoo kok wong-wong akeh akehe nek nang wong meninggal nggawe klambi ireng? Soale nunjukno kan nek dee berduka. Lah sak iki? Opoo kok nang kaose bonek akeh kata-kata ngono? Yo soale ancen iku gambarane bonek.<br><br>dadi ketika aku moco iku aku koyok merasa "iyo iki bonek. kudu dilakukno ngene iki" | |
| 107 | IR | Opoo kok awakmu merasa iku kudu dilakukno | | |
| 108 | IE | Soale nek aku memutuskan menjadi seorang bonek, aku harus melakukan apa yang sudah menjadi ciri khas bonek. kan gak mungkin nek aku memutuskan menjadi bonek, tapi aku gak melakukan hal-hal yang dilakukan bonek. dan kenyataane pun bonek kan yo koyok ngono | aku harus melakukan apa yang sudah menjadi ciri khas bonek. | Keyakinan diperkuat dengan melihat lingkungan sekitar |
| 109 | IR | Koyok ngono? | | |
| 110 | IE | Iyo kenyataane ancen bonek kan ngono | Iyo kenyataane ancen bonek kan ngono | Subjek meyakini nilai-nilai Bonek dengan |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 111 | IR | Ngono yaopo? | | melihat kenyataannya yang ada |
| 112 | IE | Yo bonek ancen loyalitas tanpa batas, wani dan pantang mundur sebelum belur | Yo bonek ancen loyalitas tanpa batas, wani dan pantang mundur sebelum belur | |
| 113 | IR | Kok isok? | | |
| 114 | IE | Yo isok mbak nang kenyataane ancen ngono kok | Yo isok mbak nang kenyataane ancen ngono kok | |
| 115 | IR | Emang awakmu setuju ambek kata-kata sing onok nang kaose nek bonek ngono? | | |
| 116 | IE | Yo setuju lo mbak.ikujustru dadi motivasi arek bonek nek kudu koyok ngono. Wong bonek ancen kudu ngono kok | Yo setuju lo mbak.ikujustru dadi motivasi arek bonek nek kudu koyok ngono.<br><br>Wong bonek ancen kudu ngono kok | Sikap positif terhadap nilai-nilai bonek, dan telah menjadi motivasi baginya |
| 117 | IR | Ancen ngono yaopo se? | | |
| 118 | IE | Yooo Pasti tawuran sampek geteh-geteh entek. Sampek sikil rupane koypk bedes gara-gara kejar-kajaran ambek polisi. Sampek sikil ngeluwek, sampek lambe suwek. Iku kan menandakan nek bonek ancen loyalitas tanpa batas. | Yooo Pasti tawuran sampek geteh-geteh entek. Sampek sikil rupane koypk bedes gara-gara kejar-kajaran ambek polisi. Sampek sikil ngeluwek, sampek lambe suwek. Iku kan menandakan nek bonek ancen loyalitas tanpa batas. | Berperilaku agresi sampai diri sendiri terluka sebagai tanda bonek loyalitas tanpa batas |
| 119 | IR | Ooo sing dimaksud loyalitas tanpa btas iku koyok ngono ta? | | |
| 120 | IE | Yoii mbak | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 121 | IR | Mmmm awakmu ket kapan se dadi bonek | | |
| 122 | IE | Iki wes piang taun yoo 4 nek gak 5 taun aku mbak | 4 nek gak 5 taun | Lama bergabung dengan Bonek |
| 123 | IR | Menurutmu dewe, sakjane bonek iku opo se? | | |
| 124 | IE | Bonek iku suporter bondo nekat yang empunyai loyalitas tanpa batas untuk timnya | Bonek iku suporter bondo nekat yang empunyai loyalitas tanpa batas untuk timnya | Memahamai Bonek sebagai supporter yang bermodal nekat dan nyali wani yang mempunyai loyalitas tanpa batas |
| 125 | IR | Bondo nekat? Maksdue | | |
| 126 | IE | Bondo iku modal nekat iku nyali. Dadi modal sing dudwehi arek bonek iku sing utama nyali | Bondo iku modal nekat iku nyali. Dadi modal sing dudwehi arek bonek iku sing utama nyali | Pemahaman mengenai konsep kata Bondo Nekat |
| 127 | IR | Tanggapanku ambek hal iku? | | |
| 128 | IE | Tanggapanku. yo masok lah. Ancen kenyataane bonek iku modale nekat. Kene lak ngomong kenyataan ae ta. koyok aku ngene, nduwene nyali tok, pas kan cocok dua kelinci ambek Bonek | Tanggapanku. Yo masok lah. koyok aku ngene, nduwene nyali tok, pas kan cocok dua kelinci ambek Bonek | Kesesuaian antara diri dan pengetahuan |
| 129 | IR | Ooo ancen kenyataane modale nekat. Modal nekat sing yaopo maksude | | |
